



Pati 2: Leson 6

Fè bon tè a travay

Gran Komannman yo: Renmen bondye

Tè ki donnen anpil : Komanse yon lavi tounèf ak Jezi



Labib di “**Bondye se lanmou**” (1 Jan 4 :16). Kounye a reflechi sou sa: **Bondye renmenw**. Sila ki fè mòn yo ak lanmè a, solèy ak lalin, Bondye ki kreye tout bagay la renmen w. **Se lanmou ki te nan kè Bondye** lè L te voye Jezikris Pitit Li pou vin delivre nou anba chatiman peche ak lanmò (Jan 3 :16). Epi anvi kap debòde nan kè Bondye se pou nou viv yon relasyon lanmou avèk li. Lè ou viv nan lanmou Bondye, ou vin dekouvri Li menm tou Li viv nan ou (1 Jan 4 :16). Sa vin tounen pati ki pi enpotan nan lavi espiityèl la.

Nan sans sa, koman ou viv nan lanmou Bondye ? Anpil kretyen ap chèche òganize lavi yo avèk yon kokenn chenn règ ak prensip, nan chèche fè lis byen long sou sa moun dwe fè ak sa yo pa dwe fè. Nan tan Jezi a, se konsa lidè relijiye yo te kwè chak moun te dwe viv. Yo te envante yon latriye lwa epi mete chay ki lou sou do pèp la konsènan fason yo dwe abiye, sa yo dwe manje, sa yo dwe fè e pa fè. Yo t ap kritike Jezi paske li te diferan. Jodi a ankò, genyen kretyen k ap chèche viv lavi yo avèk yon sistèm règ difisil. Sa rele “Legalis”, li pa mache paske li chita sou lide ki fè nou kwè nou kapab achte lanmou ak favè Bondye. Jezi te montre nou lanmou Bondye se pa yon bagay ou ka achte ; Li ba nou l gratis – sa rele lagras. Epi tou Jezi te montre sa Bondye vrèman ap swete pou lavi espiityèl nou ale pi lwen pase yon lis règ byen long. L ap chèche lanmou nou.

OBJEKTIF POU GRANDI



Nan leson sa a nap etidye komannman ki pi enpòtan nan Labib pou pèmèt yon kretyen mennen lavi l. W ap aprann :

- 1) Pi gwo komannman an se renmen Bondye
- 2) Kat fason ou kapab renmen Bondye



Avan w ale pi lwen, fè yon ti kanpe epi mande Bondye poul ede w konprann pawòl Li, ede w aprann viv nan prezans li, epi tounen moun li vle ou ye a.

YON ISTWA SOU LANMOU POU BONDYE : Yon dam vide pafen sou Jezi (Mak 14 :3-9)



Sa se yon istwa ki touchan konsènan yon dam ki montre lanmou l pou Jezi nan yon sans espesyal, epi kòman Jezi te resevwa lanmou dam sa a.

Jezi te Betani, lakay Simon ki te gen lèp la. Pandan li te sou tab, yon dam vini ak yon krich ann albat ki te genyen yon pafen chè, ki fèt ak na san melanj. Li kase krich la epi li vide pafen an sou tèt Jezi. Men, te gen kèk moun ki te vekse. Youn t ap di lòt: « Poukisa li gaspiye pafen an konsa? Paske, yo ta kapab vann li pou plis pase twa san denye epi yo ta bay pòv lajan an ». Konsa, yo t ap joure li.

Men, Jezi di: "Kite l trankil! Poukisa n ap nui li konsa ? Se yon bèl jès, li fè avèk mwen. Paske, n ap toujou genyen pòv yo avèk nou. Nenpòt lè nou vle, nou kapab fè byen pou yo. Men, nou p ap toujou genyen m avèk nou. Li fè sa l kapab. Li anbonmen kò mwen davans pou lè yo va antere mwen. Franchman, m ap di nou sa: Nenpòt kote nan lemonn antye, yo ta preche bon nouvèl sa a, yo va sonje dam nan pou yo rakonte sa l te fè a".

Ki sa ou panse ki te nan entansyon dam nan konsènan sal te fè pou Jezi a ?

Koman Jezi te reyaji sou aksyon li te fè a ?

Poukisa Jezi rele aksyon li te fè a « yon bèl jès » epi li di, yo tap rakonte sa l te fè a toupatou sou latè ?

FOUYE PI FON: GRAN KOMANNMAN AN: RENMEN BONDYE



Ki bagay ki pi enpòtan ou ta dwe fè pou ou viv lavi levanjil la ? Yo poze Jezi kesyon sa, men sal te reponn :

*Yonn nan profesè lalwa yo ta vini epi li tande yo tap fè diskisyon. Lè li wè Jezi te bay yo yon bon repons, li mande L : "**Nan tout komannman yo kiyes ki pi enpotan ?**"*

*Men, Jezi reponn li, li di: "**Nan tout kòmmanman yo, men premye a: Koute, O Izrayèl! Senyè a, Bondye nou an, Senyè a se youn! Ou va renmen Bondye, Senyè w la, ak tout kè ou, ak tout nanm ou, ak tout lide ou, epi ak tout fòs ou. Kòmmanman sa a, se li ki premye. Men dezyèm nan, li menm jan: Ou va renmen pwochen ou, menm jan ou renmen tèt ou. Pi gran pase de kòmmanman sa yo, nanpwen!"***

Alò, pwofesè lalwa a di li: " Se byen, Mèt. Ou di verite, lè ou di: Senyè a se youn; apre li, pa gen lòt ankò; epi, moun dwe renmen li ak tout kè yo, ak tout entèlijans yo, ak tout nanm yo, ak tout fòs yo; epitou, yo dwe renmen pwochen yo, menm jan yo renmen tèt yo. Bagay sa yo pi enpòtan pase tout olokos ak tout lòt sakrifis".


Lè Jezi wè pwofesè lalwa a te reponn avèk sajès, Jezi di li: « Ou pa lwen wayòm Bondye a. Konsa, pèsonn pa t oze poze Jezi kesyon ankò » (Mak 12 :28-34).

Dapre pwòp mo paw, ki komannman ki pi enpotan ?

Lè profesè lalwa a te reponn Jezi "moun dwe renmen Li [Bondye]... sa yo pi enpòtan pase tout olokos ak tout lòt sakrifis", kisa ou panse li te vle di nan sans sa a ?

KOMAN MOUN RENMEN BONDYE

Enben, si renmen Bondye se bagay ki pi enpòtan ou ta dwe fè, koman w ap kapab fè sa ? Eske li posib pou ou renmen yon moun ou pakap wè osnon touche ? Yon moun ki tèlman tèlman diferan e pi gran pase sa nou menm nou ye? **Oui !** E se sa Bondye vle ; Li fè sa posib akòz Lespri Sen an. Devlope yon relasyon lanmou ak Bondye se sa ki konsène dimansyon anndan an osnon dimansyon vètikal la nan lavi espirityèl ou – relasyon **oumenm** ak **Bondye**. Sa vreman konsène w e li mande pou ba l atansyon ak priyorite. Nan seksyon sa a, w'ap aprann kat fason pou w grandi nan lanmou w ak Bondye :



I. RENMEN BONDYE KOMANSE LÈ OU REYALIZE JAN BONDYE RENMENW ANPIL

Eseye gade kisa Labib di konsènan lanmou Bondye pou ou.


"Byen lontan anvan Bondye te kreye lemonn, li te chwazi nou nan Kris la pou nou te kapab viv apa pou li, pou n' te san repwòch devan li. Nan renmen li renmen nou an, Bondye te deside depi davans pou l' te adopte nou pou pitit li nan Jezikri, paske sa te fè l' plezi" (Efezyen 1 :4-5, HCV).

Men kijan Bondye te montre nou lamou li: Bondye te voye sèl Pitit li a nan lemonn pou nou ka viv nan li. Se konsa lamou an ye, sèke se pa nou menm ki te renmen Bondye. Men, se li menm ki te renmen nou. E li te voye Pitit li a kòm yon sakrifis-satisfaksyon pou peche nou yo... Bondye se lamou. Moun ki rete nan lamou, li rete nan Bondye, Bondye rete nan li... Nou menm, nou renmen l, paske li te renmen nou an premye (1 Jan 4 :9-10, 16,19).

Kilè Bondye te komanse renmen nou ?

Kòman Bondye te montre w lanmou L ?

Poukisa ou renmen Bondye ?



Lanmou w pou Bondye sòti nan lanmou Bondye te deside genyen pou ou avan. Bondye bay lanmou ekstrawòdinè Li a, epi ou tounen lanmou pa w ba Li. Si w ka renmen se paske Bondye te renmen w an premye. Pandan Bondye ap aji nan lavi w ak lanmou epi ak gras Li, ou resevwa l bra louvri nan yon jès lanmou.

Dapre 1 Jan 4 kisa Bondye ye?

Lè ou kòmanse konprann tout bon vre Bondye se lanmou epi tou ou te kreye pou w te vin menm jan avèl, ou vin ka kòmanse konprann tou pou ki rezon w ap viv, epi koman w ap kapab renmen L tou.


2. OU RENMEN BONDYE AK TOUT LAVI W

Fè yon ti gade kòmanman ki pi enpòtan an ankò.

Renmen Senyè a, Bondye ou a ak tout kè w, ak tout nanm ou, ak tout panse w, epi ak tout fòs ou (Mak 12 :30, VKF)

Kisa ou panse Jezi te vle di lè L te di nou dwe renmen Bondye avèk tout :

- Kè nou
- Nanm nou
- Panse nou
- Fòs nou



Renmen Bondye se renmen L ak tout pati nan lavi w. Ou ka renmen Bondye ak kò w, panse w epi lespri w. Ou renmen L nan relasyon w ak fanmi epi Zanmi. Ou renmen L nan aksyon w ak nan fason ou travay. Ou montre lanmou w pou Bondye ak mo ou sèvi, nan rèv ou ak anvi w yo, epi ak volonté w. Bondye enterese nan tout sa ki nan ou. Renmen Bondye vle di ou mete L an premye sou tèt tout lòt bagay.

Lapriyè se mwayen ou rive touche Bondye epi envite L pou L travay nan lavi w. Pran yon ti tan epi di priyè sa nan kè w, mande Bondye pou l vin antre nan tout lavi w.



Bondye ki gen tout pouvwa a, ak pisans Lespri Sen an, ouvri jem, zorèy mwen, kè m ak tout lavi m devan W. Lè sa m a renmen W epi sèvi W fidèl. Ede m pou m vin yon moun ki konn renmen pou chak moun mwen rankontre jodi a. Mwen priye nan non Jezi. Amen.

3. OU RENMEN BONDYE LÈ OU OBEYI L

Li pasaj bibliik sa yo epi gade koman yo kapab ede w konnen kòman pou w renmen Bondye.

- ❖ *"Si nou renmen mwen, obeyi kòmmanman mwen yo. Yon moun ki genyen kòmmanman mwen yo epi ki obeyi yo, se moun sa a ki renmen mwen. E, yon moun ki renmen mwen, Papa mwen va renmen l tou. Mwen menm tou, mwen va renmen li. Epi, mwen va fè li wè mwen. Jezi reponn, li di li: Si yon moun renmen mwen, li va obeyi pawòl mwen. Papa mwen va renmen li tou. Nou va vini jwenn li, epi nou va abite avèk li. Yon moun ki pa renmen mwen, li pa obeyi pawòl mwen. E, pawòl n ap koute a, se pa pawòl mwen, men, se pawòl Papa ki voye m nan" (Jan 14 :15, 21, 23-24).*
- ❖ *"Menm jan Papa mwen renmen m nan, se konsa mwen renmen nou tou. Rete nan lamou mwen. Mwen te obeyi kòmmanman Papa m yo, epi mwen rete nan lamou li. Se menm jan an tou, si nou obeyi kòmmanman m yo, nou va rete nan lamou mwen" (Jan 15 :9-10).*
- ❖ *"Men, yon moun ki obeyi pawòl Li, lamou Bondye vin total nan moun sa a toutbon vre. Se konsa nou konnen nou nan Li" (1 Jan 2 :5).*
- ❖ *"Vrèmanvre, se sa ki lamou Bondye, se lè nou obeyi kòmmanman Li yo. E, kòmmanman li yo pa yon chay! Paske, tout moun ki pran nesans nan Bondye, yo genyen laviktwa sou lemonn. E, laviktwa ki genyen laviktwa sou lemonn nan se lafwa nou!" (1 Jan 5 :3-4)*

Ak pwòp mo pa w, esplike kòman vèsè sa yo ede w konprann kòman pou w renmen Bondye ?

4. OU RENMEN BONDYE AK LAREKONESANS

Sa se istwa dis mesye Jezi te geri anba maladi, ak kòman yo te reyaji.

Pandan Jezi t ap wayajaje al Jerizalèm, li pase nan zòn fwontyè ki separe Samari ak Galile a. Li antre nan yon ti bouk, li kontre ak dis (10) mesye ki te gen maladi lalèp. Yo pa t pwoche pre li poutèt maladi yo a. 13 Mesye yo rele byen fò: "Jezi! Mèt! Gen pitye pou nou."

Lè Jezi wè sa, li di yo: "Al fè sakrifikatè yo egzamine nou." Pandan yo te nan wout prale, yo te geri. Gen youn nan dis (10) mesye yo, lè l wè li geri, li kase tèt tounen vin jwenn Jezi. Li pale byen fò pou li fè lwanj pou Bondye. Li mete ajenou nan pye Jezi, li di l mès. Nonm sa a te yon Samariten.

Jezi di nonm nan: "Se te nou dis (10) ki te geri, pa vre? Kote nèf (9) lòt yo? Yo youn pa tounen vin bay Bondye glwa pou sa l fè, eksepte etranje sa a." Apre sa, Jezi di nonm nan: "Leve non! Ou mèt ale. Ou geri paske ou te kwè" (Lik 17 :11-19, VKF).

Kiyès ki montre lanmou L pou Bondye?

Kòman li te rive montre lanmou l pou Jezi ?

Koman Jezi te reyaji devan larekonesans mesye a ?

Genyen anpil fason pou w esplike lanmou w pou Bondye, epi tout kalte fason pou Bondye montre lanmou L pou ou. Sa yo se kèk fason pou nou komanse sèlman. Pandan w ap grandi nan Levanjil la nan relasyon w ak Bondye nan dimansyon anndan an, w'ap vin dekouvri kèk pati tounèf ak kèk pati enpòtan nan lanmou Bondye, epi kòman ou kap demontre lanmou w tou.

FÈ BON TÈ A TRAVAY : GRANDI ANNDAN – RENMEN BONDYE



Pou anpil moun, lavi Levanjil la kòmanse tankou yon sitiyasyon gwo boulvès nan lavi moun nan kote lagras Bondye antre e li chanje lavil nèt. Yon lòt bò, grandi nan Bondye se yon reyalite ki dire tout lavi. Chak jou, chak èdtan, epi chak minit nou soumèt nou devan Bondye pou pèmèt gras li kontinye travay epi chanje lavi nou, apre sa pou li fòme nou dapre imaj Li.

Nan pati sa, w'ap bezwen pran tan epi lapriyè pandan w'ap byen gade epi reflechi sou plizyè pati nan lavi w ; sa ap pèmèt ou wè si ou soumèt devan lanmou dapre volonte Bondye, epi kòman w ap ka grandi, pran rasin, vin pi djanm nan lanmou w pou Bondye. Li enpòtan pou w pa prese lè w ap reflechi sou lavi w la, men pou w lapriyè pandan w'ap chèche direksyon Bondye.

Si w ap fè ti travay sa ak yon gwoup, pataje sa w te jwenn nan reflechi a ak lòt manm group la, epi mande yo priye pou ou. Tande repons pa yo, koute pandan y ap rakonte lavi yo, epi priye youn pou lòt. Si ou pa nan yon gwoup, chèchè yon pastè oswa yon konseye espirityèl pou w pataje sa ou te egzaminen an avèk li epi mande yo priye pou ou tou.

I. PWÒP ENVANTÈ PA W

Pran san w epi pandan w ap priye fè yon lis tout bagay ki pi enpòtan nan lavi w.



| Kisa ou jwenn nan lis bagay ou te reflechi yo ki ka ede w mache ak Bondye ? | Kisa ou jwenn nan lis bagay ou te reflechi yo ki pap ede w mache ak Bondye ? |
|---|--|
| | |

Ki fason ou ka montre lanmou w pou Bondye nan semèn nan ?

2. REFLECHI SOU PAWÒL LAVERITE SA YO

Pafwa li difisil pou nou jwenn mo pou nou di Bondye sa k ap pase anndan kè nou ak sa nou santi. Liv Sòm yo, se liv lapriyè anndan Bib la. Sòm 103 se yon sòm ki rakonte louwanj pou lanmou ak konpasyon Bondye. Ou mèt pran san w lil epi lapriyè ak pawòl yo.

Kite m' di Seyè a mèsi! Kite m' di Seyè ki pa tankou tout moun lan mèsi ak tout nanm mwen! Wi, kite m' di Seyè a mèsi. Mwen pa dwe janm bliye tout byen li fè pou mwen.

*Li padonnen tout peche m' yo,
li geri tout maladi m' yo.*

Li wete m' nan bouch twou a.

Li beni m', li fè m' wè jan li renmen m', jan li gen pitye pou mwen.

*Li kouvri m' ak benediksyon pandan tout lavi m',
li fè m' rete jenn ak tout fòs mwen, tankou malfini.*

Seyè a pa nan patipri. Li rann jistis an favè tout moun k'ap sibi lenjistis. Li fè Moyiz konnen sa l' te gen nan tèt li, li fè pitit Izrayèl yo wè mèvèy li yo.

Seyè a gen kè sansib, li gen bon kè.

Li pa fè kòlè fasil, li p'ap janm sispann renmen nou.

*Li p'ap pase tout tan l' ap pini nou,
li pa ankòlè pou lontan.*

Li pa ajì ak nou jan nou ta merite l' la, li pa pini nou jan l' ta dwe pini nou.

Menm jan syèl la byen lwen anwo tè a, se konsa Seyè a renmen moun ki gen krentif pou li.

Menm jan kote solèy leve a byen lwen ak kote solèy kouche a, se konsa li wete peche nou yo, li voye yo jete byen lwen nou. Menm jan yon papa sansib pou pitit li, se konsa Seyè a sansib pou moun ki gen krentif pou li.

*Li konnen ak kisa nou fèt,
li chonje se pousyè tè nou ye...
Men renmen Bondye pou moun ki gen krentif pou li yo, se bagay ki la pou tout tan.
L'ap gen pitye pou pitit pitit yo,
pou moun ki kenbe pawòl yo ak li,
pou moun ki chonje kòmandman li yo pou obeyi yo.*

*Seyè a mete fotèy li anwo nan syèl la, l'ap gouvènen tout bagay...
Nou tout ki fè pati lame ki nan syèl la, nou tout k'ap sèvi l', k'ap fè volonte li, di Seyè a mèsi!
Nou tout kreyati Bondye, nou tout ki toupatou kote l'ap gouvènen, di Seyè a mèsi! Wi, kite
m'di Seyè a mèsi!*

3. ANGAJMAN POU OU VIV DAPRE PAWÒL LAVERITE SA YO

Fè yon tipanse sou jou k ap vini yo. Ki lòt fason ou kapab imajine pou montre Bondye ou renmen L, paske ou gen larekonesans pou lanmou ekstrawòdinè Li a pou ou ? Ekri l nan espas anba a.



Pase yon ti tan nan lapriyè, pou w di Bondye mèsi pou lanmou L, pou w di L lanmou ou gen pou Li tou, pou w mande L dirije w pou w grandi, pou L fòtifye w epi proteje w, epi tou pou L ba ou sa w'ap bezwen chak jou.

Tradui pa Jean-Mario Michel

© 2021 International Strategic Alliances, Inc. (ISA)

Dokiman sa yo fèt pou fòmasyon moun sèlman, yo kapab kopye epi sèvi avèk yo pou kalite travay konsa, men yo pa dwe fè chanjman nan yo san International Strategic Alliances pa bay otorizasyon pou sa. Tout pasaj Labib yo sòti nan Bib Kreyòl La (BKL), si se pa sa nou fè w konnen sa nan yon nòt

